

Kisa k ap pase nan lekò leta Vil Nouyòk

[عرض هذه الوثيقة باللغة العربية](#) / [এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন](#)

[查看本文件的中文版](#) / [Consultez ce document en français](#) / [Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen](#)

[이 문서를 한국어로 보기](#) / [Consulte este documento en español](#)

[به دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں](#) / [Перевод документа на русский язык](#)

schools.nyc.gov/messagesforfamilies

Semèn 26 fevriye 2023

Mizajou sa a yo voye pou fanmi yo bay enfòmasyon enpòtan sou opòtinite aprantisaj ak ranfòsman pandan ete 2024 la, ladan nouvo pwosesis aplikasyon pou Summer Rising lan.

Kontni:

- [Apèsi](#)
- [Nouvo aplikasyon pou pwogram Summer Rising nan MySchools](#)
- [Elèv ki gen Pwogram edikasyon endividyèl \(Individualized Education Program, IEP\) ak Plan 504](#)
- [Konekte avèk NYC Schools](#)

Pwogram Summer Rising retounen pou elèv ki nan klas K–8

Apèsi

Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) pa ka tann pou yo fè patenarya avèk Depatman Jèn ak Devlopman Kominotè (DYCD) yon lòt fwa ankò pou pwogram Summer Rising 2024. Pwogram Summer Rising konekte elèv lekòl primè ak lekòl presegondè avèk eksperyans amizan, pratik, ki valorize kilti pou ranfòse konpetans akademik, sosyal ak emosyonèl yo. Pwogram Summer Rising fèt **gratis** epi li ouvri pou nenpòt elèv Vil Nouyòk ki kounye a nan klas kindergarten jiska 8yèm ane.

Klas K–5:

- Pwogram lan ap fonksyone soti **2 jiyè 2024 jiska 16 out 2024**, epi l ap fonksyone **lendi rive vandredi**, apati **8:00 a.m. pou 6:00 p.m.**

Nivo klas 6-8:

- Pwogram lan ap fonksyone soti **2 jiyè 2024 jiska 8 out 2024**, epi l ap fonksyone **lendi rive jedi**, apati **8:00 a.m. pou 4:00 p.m.**

LEKÒL LETA VIL NOUYÒK

Mizajou pou fanmi NYCPS - Semèn 26 fevriye 2024

Y ap bay elèv manje maten, manje midi gratis. Nan pwogram lan ap genyen aktivite akademik estaf NYCPS ap dirije ak aktivite ranfòsman òganizasyon kominotè (CBO) DYCD ap dirije.

Nouvo aplikasyon pou pwogram Summer Rising nan MySchools

Peryòd aplikasyon an ap ouvri nan **kòmansman mwa mas**, epi l ap fèmen nan fen mwa mas. Ane sa a, pou premye fwa, fanmi ka aplike pou pwogram Summer Rising sou entènèt nan [MySchools](#), sistèm anyè ak aplikasyon sou entènèt nou an.

Pou aplike, konekte nan oswa kreye yon [kont MySchools](#) nan [MySchools.nyc](#) avèk adrès imèl ou, nimewo ID elèv pitit ou a ki gen 9 chif la ak yon kòd kreyasyon kont MySchools, ke ou ka jwenn lè w kontakte lekòl pitit ou a. Si w te aplike nan MySchools avan, pitit ou a ap deja parèt sou kont ou a. Pou sipò jeneral, rele 311.

Fanmi ka mete nenpòt kantite pwogram sou lis nan aplikasyon yo, nou rekòmande fanmi pou mete plis pwogram posib pou ogmante chans ou pou yo mete yo nan yon pwogram oumenm chwazi.

Pou pwosesis sa a, se **pa** moun ki voye aplikasyon avan y ap konsidere avan; y ap konsidere tout aplikasyon yo nan menm lè a lè peryòd aplikasyon an fèmen. Si fanmi vle, yo ka fè chanjman nan aplikasyon yo nan nenpòt ki pwen pandan peryòd aplikasyon an ouvri.

Y ap pibliye òf yo an avril. Retounen konekte nan MySchools pou wè rezilta ou yo.

Si w gen nenpòt kesyon oswa ou si w bezwen sipò avèk aplikasyon an, tanpri kontakte lekòl ou a oswa voye yon imèl nan summer@schools.nyc.gov.

Elèv ki gen Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP) ak Plan 504

Elèv k ap patisipe nan klas espesyal **12 mwa / ane lekòl pwolonje (ESY)** oswa pwogram Otis - Pwogram Nest oswa Horizon pral resevwa pwogram ak sèvis yo rekòmande nan IEP yo nan yon lokal Pwogram ane lekòl pwolonje (ESY), Distri 75, oswa pwogram otis - Pwogram Horizon Summer. Fanmi ki vle patisipe nan pwogram IEP ak nan pwogram ranfòsman jounen pwolonje CBO atravè Summer Rising, dwe itilize pòtal aplikasyon an. Pwogram Summer Rising pou klas K–5yèm ane fonksyone lendi–vandredi jiska 6:00 p.m., epi pou klas 6yèm–8yèm ane jiska 4:00 p.m. lendi–jedi. Fanmi sa yo pral gen priyorite pou jwenn plas nan Summer Rising epi yo pral chwazi pwogram CBO a/yo ki fonksyone an koneksyon avèk pwogram IEP yo.

Si yon fanmi pa vle pwogram ranfòsman jounen pwolonje pou pitit li, epi pitit li a ap patisipe sèlman nan pwogram Nest oswa Horizon (jiska 12 p.m.), pwogram D75 (jiska 2:30 p.m.), oswa pwogram ESY (jiska 2 :00 pm,) fanmi an ta dwe kontakte lekòl pitit li a olye pou li itilize pòtal aplikasyon an.

Elèv ki bezwen **akomodasyon**, tankou yon parapwofesyonèl oswa enfimyè, pou patisipe nan pwogram Summer Rising ap resevwa yo selon bezwen endividyèl yo.

Konekte avèk NYC Schools

Pou rete ajou avèk tout nouvell Lekòl Leta NYC ak pwogram Summer Rising news, *bookmark* [schools.nyc.gov](#), epi suiv nou [@nycschools](#) ak [@doechancellor](#) nan Twitter/X. Ou ka jwenn nou tou sou [Facebook](#) ak [Instagram](#) nan kont ofisyèl nou [@nycschools](#).